

BAB III


MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh ngagunakeun pamarékan kualitatif kalawan métode déskriptif. Panalungtikan kualitatif nyaéta hiji panalungtikan dumasar kana filsafat postpositivisme, digunakeun pikeun nalungtik kondisi objék alamiah, (minangka lawanna nyaéta éksperimén) cirina panalungtik salaku instrumén konci, téhnik ngumpulkeun data dilakukeun sacara triangulasi (gabungan), analisis data sipatna induktif/kualitatif, jeung hasil panalungtikanna leuwih nandeskeun ma'na tibatan generalisasi (Sugiyono, 2019, kc. 9)

Pamarékan kualitatif kalayan métode déskriptif dipilih sabab luyu jeung latar alamiah panalungtikan ngeunaan kecap serepan basa Sunda dina fiksimini. Pamarékan kualitatif bisa nganalisis objék nu teu bisa diitung ku angka jeung métode déskriptifna ngagambarkeun objék dumasar kaayaan sacara sistematis, faktual, sarta akurat. Anapon anu didésripsikeun dina ieu panalungtikan téh ngeunaan asal kecap serepan, proses nyerepna, wangun kecap serepan basa Sunda, sarta harti kecap serepan nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda*.

Desain panalungtikan mangrupa gambaran tina léngkah-léngkah panalungtikan anu baris dilaksanakeun ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Aya sababaraha léngkah pikeun ngalaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta (1) ngaidéntifikasi masalah, (2) ngarumuskeun masalah, (3) ngumpulkeun data, (4) ngolah jeung nganalisis data, sarta (5) nyieun kacindekan. Sangkan leuwih jéntré ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, gurat badagna digambarkeun saperti bagan ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta kecap serepan nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda*. Sumber data utama dina ieu panalungtikan nyaéta fiksimini dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022 anu dipilihna langsung ngagunakan *purposive sample* nya éta unggal bulan ganjil. Dina bulan ganjil dipilih deui hiji minggu ganjil, bisa minggu kahiji atawa minggu katilu, jeung poé ganjil. Ieu sumber data anu dipilih téh sangkan meunangkeun sampel anu ngawakilan tujuan panalungtikan. Jadi, sumber datana nya éta tulisan fiksimini bulan Januari minggu kahiji, bulan Maret minggu katilu, bulan Méi minggu kahji, bulan Juli minggu katilu, bulan Séptémber minggu kahiji, jeung bulan Novémber minggu katilu.

Luyu jeung pamadegan Arikunto (2010, kc. 10) yén sumber data nyaéta subjék anu bisa dipaké pikeun nyangking data. Sumber datana ogé dideudeulan ku sumber sékunder anu mangrupa sagala rupa référénsi saperti buku, jurnal, artikel, jeung naon baé anu bisa ngarojong kana ieu panalungtikan. Anapon jumlah fiksimini anu dijadikeun sumber data panalungtikan aya 39 fiksimini anu diwincik dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1

Sumber Data Panalungtikan

No.	Tanggal Medal	Judul Fiksimini	Pangarang	Sumber Data
1	01/01/2022	Malandiri	Wawan Kardiawan	M01/1/1/1
2	03/01/2022	Ékol	Nanang Ok	E02/1/1/3
3	03/01/2022	Lomari Piring	Ambu Banten	LP03/1/1/5
4	05/01/2022	Ngulik Panineungan	Husni Magz	NP04/1/1/5
5	05/01/2022	Bungalow Luhureun Balong	Ambu Banten	BLP05/1/1/5
6	07/01/2022	Puyarna Lukisan Kasumba	Ambu Banten	PLK06/1/1/6
7	07/01/2022	Ditraktir	Nanang Ok	D07/1/1/7
8	15/03/2022	Sambel Tarasi	Yogianto Yos	ST08/3/3/15
9	15/03/2022	Puasa	Wawan Kardiawan	P09/3/3/15
10	17/03/2022	Deal	Abdul Haris	D10/3/3/17
11	17/03/2022	Dina Poékna Peteng	Abun Hidayat	DPP11/3/3/17
12	19/03/2022	Sakti Mandaraguna	Wawan Kardiawan	SM12/3/3/19
13	21/03/2022	Beuleum Peda Tutung Sabeulah	Ana Suhana	BPTS13/3/3/21

No.	Tanggal Medal	Judul Fiksimini	Pangarang	Sumber Data
14	21/03/2022	Tunduh	Fatimah Al Rukma	T14/3/3/21
15	07/05/2022	Keclak Cimata Rumasa	Sukardi M Noor	KCR15/5/1/7
16	07/05/2022	Papatah	Wawan Kardiaman	P16/5/1/7
17	15/07/2022	Inggis Karma	Yogianto Yos	IK17/7/3/15
18	15/07/2022	Dongéng Kalakay	Herdi Pamungkas	DK18/7/3/15
19	19/07/2022	Cimata	Sukardi M Noor	C19/7/3/19
20	21/07/2022	Melak Jagong	Cia Sin Liong	MJ20/7/3/21
21	21/07/2022	Nu Kebat Muru Balébat	Asep Sudrajat	NKMB21/7/3/21
22	03/09/2022	Agustusan	Yana Sopyana	A22/9/1/3
23	03/09/2022	Éra sorangan	Sukardi M Noor	ES23/9/1/3
24	05/09/2022	Tepung Teuteup	Husni Magz	TT24/9/1/5
25	05/09/2022	Ucing Camani	Rosman Rosmana	UC25/9/1/5
26	05/09/2022	Jodo nu Kuat	Cia Sin Liong	JNK26/9/1/5
27	07/09/2022	Sasalad	Kelly Razak	S27/9/1/7
28	15/09/2022	Paéh Ngadadak	Cia Sin Liong	PN28/9/3/15
29	15/09/2022	Teu Ngarti	Wawan Amang	TN29/9/3/15
30	15/09/2022	Préman Aktip	Patria Gilang	PA30/9/3/15
31	15/09/2022	Teu Panggih jeung Musush	Deden Muhammad Suparden	TPJM31/9/3/15
32	15/09/2022	Paséa	Indra Nugraha Hidayat	P32/9/3/15
33	17/09/2022	Darr	Abdul Haris	D33/9/3/17
34	17/09/2022	Mas Kawin	Ambu Vinram	MK34/9/3/17
35	17/09/2022	Takdir Teu Bisa Dipungkir	Cia Sin Liong	TTBD35/9/3/17
36	19/09/2022	Duit Jimat	Asep Rudiant Fajrin	DJ36/9/3/19
37	19/09/2022	Time Traveler	Patria Gilang	TT37/9/3/19
38	21/09/2022	Kabogoh	Yana Sopyana	K38/9/3/21
39	21/09/2022	Dongéng Énténg Méméh Saré	Siti Noer Hidayah	DEMS39/9/3/21

3.3 Instrumén Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 203) instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana leuwih gampang, sarta hasilna leuwih hadé. Dina harti, leuwih taliti, lengkep, jeung sistematis nepi ka leuwih gampang diolahna.

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital anu disusun dina wangun tabél sangkan bisa leuwih babari dina ngumpulkeun jeung

ngolah data panalungtikan, Kecap serepan anu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022 disalin ngagunakeun kartu data digital. Dina jero kartu data aya idéntitas anu kudu dieusian nyaéta (1) nomer, (2) kecap serepan anu kapanggih, (3) conto makéna kecap serepan, jeung (4) kode data. Leuwih lengkepna dina tabél 3.2 ieu di handap.

Tabél 3.2
Kartu Data Digital

No	Kecap Serepan	Conto Makéna	Kode Data
1	Gapura	Méméh sup ka wangunan utama, ngajega kaca-kaca jeung gapura wilujeng sumping.	BLB05/1/1/5/1/K3

Keterangan:

Gapura = Kecap serepan dina basa Sunda

BLB05 = Singgetan tina judul fiksimini (Bungalow Luhureun Balong) runtuyan ka-5

1 = Bulan kahiji atawa bulan Januari medalna éta fiksimini

1 = Minggu kahiji medalna fiksimini

5 = Poé kalima medalna éta fiksimini

K3 = Kalimah katilu dina éta fiksimini

Jadi upamana aya kecap serepan “gapura” anu kode datana (BLB05/1/1/5/K3) hartina éta kecap *gapura* aya dina fiksimini anu judulna *Bungalow Luhureun Balong* runtuyan ka-5, medalna dina bulan kahiji, minggu kahiji, jeung poé kalima, sarta aya dina kalimah katilu dina éta fiksimini.

Sanggeus ngasupkeun sakabéh data kecap serepan kana kartu data digital dina tabél 3.2, panalungtik ngurutkeun kecap serepan sacara alfabétis jeung méré nomor data. Satuluyna data kecap serepan téh dipilah-pilah deui anu ngawengku (1) kartu data kecap serepan, (2) asal kecap serepan, (3) prosés nyerepna, (4) kecap serepan

dumasar wangunna, jeung (5) harti kecap serepan. Anapon data kecap serepan anu baris dipilah-pilah téh ébréh dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.3

Kartu Data Kecap Serepan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Conto Makéna	Kode Data
1	(064)	Gapura	Méméh sup ka wangunan utama, ngajega kaca-kaca jeung gapura wilujeng sumping.	BLB05/1/1/5/K3

Tabél 3.4

Kartu Data Asal Kecap Serepan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Asal Kecap	Wangun Asal	Kode Data

Tabél 3.5

Kartu Data Proses Nyerep Kecap Serepan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Wangun Asal	Prosés Nyerepna	Kode Data

Tabél 3.6

Kartu Data Kecap Serepan Wangun Salancar

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Wangun Salancar	Pola Engang	Kode Data

Tabél 3.7

Kartu Data Kecap Serepan Wangun Rundayan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Rarangén	Dasar	Kode Data

Tabél 3.8
Kartu Data Kecap Serepan Wangun Rajékan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Anu Dirajék		Kode Data
			Dasar	Rajékan	

Tabél 3.9
Kartu Data Kecap Serepan Wangun Kantétan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Anu Dikantétkeun		Kode Data
			Unsur 1	Unsur 2	

Tabél 3.10
Kartu Data Kecap Serepan Wangun Wancahan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Wancahan	Kode Data

Tabél 3.11
Kartu Data Harti Kecap Serepan

No. Urut	No. Data	Kecap Serepan	Harti Léksikal	Warna Kecap	Harti Inhéren	Kode Data

3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik panalungtikan nyaéta salsahiji tarékah anu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode anu tangtu tujuanana sangkan naon anu dipiharep dina panalungtikan bisa kahontal (Sugiyono, 2019). Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik dokuméntasi pikeun ngumpulkeun data kecap serepan dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda*.

Dumasar pedaran di luhur, léngkah-léngkah anu dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data panalungtikan nyaéta

- 1) maca fiksimini nu aya dina *facebook* grup *Fikmin Basa Sunda* taun 2022;
- 2) milih jeung ngagabungkeun fiksimini nu rék dijadikeun sumber data;
- 3) nyirian kecap serepan;
- 4) nyalin kecap serepan kana kartu data;

Isti Hamidah, 2023

KECAP SEREPAN DINA FACEBOOK GRUP FIKMIN BASA SUNDA (Ulukan Léksikosémantik)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 5) ngaruntuykeun data sacara alfabétis; jeung
- 6) méré nomor data nu aya dina kartu data.

3.5 Téhnik Ngolah Data

Data anu geus dikumpulkeun dina hasil panalungtikan anu objékna fiksimini, langsung diolah atawa dianalisis ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung. Téhnik ieu dipaké sabab sumber datana aya dina wangun tinulis jadi bisa ngolah data sacara langsung patalina jeung déskripsi kecap serepan. Dina ngolah data panalungtikan aya léngkah-léngkah anu dilaksanakeun nyaéta

- 1) niténan jeung mariksa deui data anu geus dikumpulkeun;
- 2) milah data dumasar kana asal kecap, prosés nyerepna, wangun kecapna, sarta harti tina kecap serepan;
- 3) nganalisis data dumasar kana asal kecap, prosés nyerepna, wangun kecapna, sarta harti tina kecap serepan;
- 4) ngadéskripsikeun data dumasar kana asal kecap, prosés nyerepna, wangun kecapna, sarta harti tina kecap serepan;
- 5) medar hasil panalungtikan; jeung
- 6) nyieun kacindekan tina data anu geus diolah.